

# Psa

## Chapter 140

Javanese Interlinear

Reference: Javanese Bible (SABDA)

יְהוָה Yéhuwah <a href="#">H3068</a>	חֶלְצֵנִי Mugi-ngluwari-kula	לְדָוִד: dening-Dawud <a href="#">H1732</a>	מִזְמוֹר Masmur <a href="#">H4210</a>	לְמִנְצָה Kanggo-pangarsa-nembang <a href="#">H5329</a>	1
	תִּנְצְרֵנִי: mugi-njagi-kula <a href="#">H5341</a>	חֲמֻסִים rudapaksa <a href="#">H2555</a>	מֵאִישׁ saking-tiyang <a href="#">H0376</a>	רָע duraka	מֵאֲדָם saking-manungsa <a href="#">H0120</a>

Kanggo lurah pasindhen. Masmur anggitane Prabu Dawud. (140-2) Dhuh Yehuwah, kawula mugi Paduka uwalaken saking tiyang awon, saha Paduka reksaa sampun ngantos dhawah ing tanganipun tiyang ingkang remen nganiaya,

יְגוּרֹו sami-ngumpul	יּוֹם dinten <a href="#">H3117</a>	כָּל- saben- <a href="#">H3605</a>	בְּלֶב ing-manah	רַעוֹת piawon-piawon	חֶשְׁבֵי sami-ngrancang <a href="#">H2803</a>	אִשָּׁר Inkang <a href="#">H4421</a>	2
					מִלְחָמוֹת: peperangan-peperangan <a href="#">H4421</a>		

(140-3) ingkang sami ngrantam-ngrantam piawon ing salebeting manah, sarta sadinten-dinten nggosok-gosok supados perang!

שִׁפְתַיִמוֹ lathi-lathi-ipun <a href="#">H8193</a>	תַּחַת ing-ngandhap <a href="#">H8478</a>	עַכְשָׁיו ula-bèdhudhak <a href="#">H5919</a>	חֵמַת wisa <a href="#">H2534</a>	נֶחֱשׁ sawer <a href="#">H5175</a>	כְּמוֹ- kados- <a href="#">H3644</a>	לְשׁוֹנִי ilat-ipun <a href="#">H3956</a>	שָׁנְנוּ Sami-nlanci <a href="#">H8150</a>	3
							סֵלָה: Sèla <a href="#">H5542</a>	

(140-4) Sami nglandhepaken ilatipun kados sawer, wisanipun sawer bedhudhak wonten ing lambenipun. (Selah)

חֲמֻסִים rudapaksa <a href="#">H2555</a>	מֵאִישׁ saking-tiyang <a href="#">H0376</a>	רַעַע tiyang-duraka <a href="#">H7563</a>	מִיָּדַי saking-asta <a href="#">H3027</a>	וְיְהוָה Yéhuwah <a href="#">H3068</a>	שְׁמִרְנֵי Mugi-njagi-kula <a href="#">H8104</a>	4
	פְּעָמָי: lampah-kula <a href="#">H6471</a>	לְדַחֹת kanggo-nyorongaken	חֶשְׁבֵי sami-ngrancang <a href="#">H2803</a>	אִשָּׁר ingkang	תִּנְצְרֵנִי mugi-njagi-kula <a href="#">H5341</a>	

(140-5) Dhuh Yehuwah, kawula mugi Paduka jagi sampun ngantos dhumawah ing tanganipun tiyang duraka, sarta ing tanganipun tiyang ingkang ambek-siya tuwin sami ngangkah ndhawahaken kawula.

רֶשֶׁת jaring <a href="#">H7568</a>	פְּרִשׁוֹ sami-njereng <a href="#">H6566</a>	וּתְבָלִים lan-tali-tali	לִי kanggo-kula	כָּלָה kala	וְגֵאִים tiyang-sombong <a href="#">H1343</a>	טָמְנוּ- Sami-ndhelikaken- <a href="#">H2934</a>	5
		סֵלָה: Sèla <a href="#">H5542</a>	לִי kanggo-kula	שְׂתוֹ- sami-mapanaken- <a href="#">H7896</a>	מִקְשִׁים jiret-jiret <a href="#">H4170</a>	מַעְגָּל margi <a href="#">H4570</a>	לִיד- ing-sisih- <a href="#">H3027</a>

(140-6) Tiyang kumingsun kalayan sesidheman sami masangi jiret kawula, tuwin masang tangsul-tangsul kadadosaken jaring, sami masangi kala kawula wonten ing sauruting margi. (Selah)

יְהוָה	הַאֲזִינָה	אַתָּה	אֱלֹהִים	לְיְהוָה	אֲמַרְתִּי	6
Yéhuwah	Mugi-mirengaken	Panjenengan	Gusti-Allah-kula	dhateng-Yéhuwah	Kula-ngandika	
<a href="#">H3068</a>	<a href="#">H0238</a>		<a href="#">H0410</a>	<a href="#">H3068</a>	<a href="#">H0559</a>	

תְּחַנְנֵנִי:	קוֹל
panyuwun-kula	swanten
<a href="#">H8469</a>	

(140-7) Unjukku marang Pangeran Yehuwah: "Paduka punika Allah kawula, dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa nilingaken dhateng swantening pasambat kawula."

לְרֹאשֵׁי	סִכְתָּה	יְשׁוּעָתִי	עַז	אֲדֹנָי	יְהוָה	7
dhateng-mustaka-kula	Panjenengan-ngatopi	kawilujengan-kula	kakiyatan	Gusti	Yéhuwah	
		<a href="#">H3444</a>	<a href="#">H5797</a>	<a href="#">H0136</a>	<a href="#">H3069</a>	

נֶשֶׁק:	בְּיָמִים
perang	ing-dinten
<a href="#">H5402</a>	<a href="#">H3117</a>

(140-8) Dhuh Yehuwah, Gusti kawula, kakiyataning karahayon kawula, Paduka ingkang ngayomi sirah kawula samangsa tempuking perang.

רִשָּׁע	מְאֲנִי	יְהוָה	תִּנְיָן	אֶל-	8
tiyang-duraka	pepinginan-pepinginan	Yéhuwah	Panjenengan-maringi	Sampun-ngantos-	
<a href="#">H7563</a>	<a href="#">H3970</a>	<a href="#">H3068</a>	<a href="#">H5414</a>	<a href="#">H0408</a>	

סֵלָה:	יָרִימוּ	תִּפְקֹ	אֶל-	זְמָנוֹ
Sèla	sami-kaangkat	Panjenengan-ngentunaken	sampun-ngantos-	rencana-ipun
<a href="#">H5542</a>		<a href="#">H6329</a>	<a href="#">H0408</a>	<a href="#">H2162</a>

(140-9) Dhuh Yehuwah, mugi sampun ngantos njurungi pikajengipun tiyang duraka, sampun nuruti rancanganipun ingkang dora-cara. (Selah)

יְכַסּוּמוֹ	שִׁפְתַיִמוֹ	עַמְלָה	מְסָבִי	רֹאשׁ	9
mugi-nutupi-piyambakipun	lathi-lathi-ipun	kangelan	ingkang-ngubengi-kula	Mustaka	
<a href="#">H3680</a>	<a href="#">H8193</a>	<a href="#">H5999</a>	<a href="#">H4524</a>		

(יְכַסּוּמוֹ):  
mugi-nutupi-piyambakipun  
[H3680](#)

(140-10) Tiyang ingkang ngepung kawula sami nglangak, ipat-ipatipun ndhawahana tiyang-tiyang punika.

בְּאֵשׁ	גְּחָלִים	עֲלֵיהֶם	(יְמֹטוּ)	[יְמִיטוּ]	10
ing-geni	mawa-mawa	wonten-ing-piyambakipun	mugi-gumlethak	Mugi-gumlethak	
<a href="#">H0784</a>	<a href="#">H1513</a>		<a href="#">H4131</a>	<a href="#">H4131</a>	

יְקוּמוּ:	בַּל-	בְּמַהְמָרוֹת	יַפְלֵם
sami-tangi	ampun-	ing-luweng	mugi-Panjenengan-nguncalaken-piyambakipun
	<a href="#">H1077</a>	<a href="#">H4113</a>	<a href="#">H5307</a>

(140-11) Sami kaesokana ing mawa! kacemplungna wonten ing jurang, satemah boten saged mentas malih.

רַע	חָמָס	אִישׁ-	בְּאֶרֶץ	יָבוֹן	בַּל-	לְשׁוֹן	אִישׁ	11
duraka	rudapaksa	tiyang-	ing-bumi	kajumenengaken	ampun-	ilat	Tiyang	
	<a href="#">H2555</a>	<a href="#">H0376</a>	<a href="#">H0776</a>		<a href="#">H1077</a>	<a href="#">H3956</a>	<a href="#">H0376</a>	

לְמַדְחַפְתִּי:	יְצוּדְנִי
dhateng-kasangersaran	mugi-kabedhag
<a href="#">H4073</a>	

(140-12) Juru pitenah boten badhe lestantun wonten ing bumi, tiyang ingkang nindakaken kakerasan badhe kabujeng ing bilai.

עָנִי tiyang-sangsara <a href="#">H6041</a>	דִּין pangadilan <a href="#">H1779</a>	יְהוָה Yéhuwah <a href="#">H3068</a>	יַעֲשֶׂה badhe-nindakaken	בִּילֵחַ bilih-	(יָדַעְתִּי) kula-sumerep <a href="#">H3045</a>	[יָדַעְתִּי] Kula-sumerep <a href="#">H3045</a>	12
---	--	--	------------------------------	--------------------	---	---	----

אָבִינִים: tiyang-mlarat <a href="#">H0034</a>	מִשְׁפָּט kaadilan <a href="#">H4941</a>
--	--

(140-13) Kawula sumerep, bilih Pangeran Yehuwah badhe ngadili prakawisipun tiyang ingkang katindhes, sarta badhe mbelani prakawisipun tiyang papa.

לְשִׁמָּה dhateng-asma-Panjenengan <a href="#">H8034</a>	יִנְדוּ badhe-ngaturaken-panuwun <a href="#">H3034</a>	צְדִיקִים tiyang-mursid <a href="#">H6662</a>	אֵד Namung <a href="#">H0389</a>	13
--	--	---	--	----

פְּנִיָּה: wadana-Panjenengan <a href="#">H6440</a>	אֶת-	יִשְׁרִים tiyang-jujur <a href="#">H3477</a>	יִשְׁבוּ badhe-manggon <a href="#">H3427</a>
---	------	--	--

(140-14) Saestu para tiyang mursid badhe sami memuji dhumateng asma Paduka, saha para tiyang jujur sami badhe manggen wonten ing ngarsa Paduka.